

SOAL PENILAIAN HARIAN, MATERI GEGURITAN

BAHASA JAWA KELAS X

1. Geguritan ngemot tembung-tembung ingkang nggadahi teges menthes, ateges supados saged mangertosi wosipun geguritan kedah nindakaken kados kaandaraken ing ngandhap inggih menika...
- A. Maos geguritan kanthi premati, mangertosi tegesipun tembung, ambal-ambalan anggonipun maos lan madosi panganggitipun
 - B. Maos geguritan kanthi premati, mangertosi tegesipun tembung, ambal –ambalan anggonipun maos, lan dipun damel gancaran**
 - C. Maos geguritan kanthi awis-awis, mangertosi tegesipun irah-irahan, ambal-amblan anggonipun maos, lan dipundamel gancaran
 - D. Maos geguritan kanthi premati, mangertosi tegesipun irah-irahan, kala-kala anggonipun maos lan dipundamel gancaran.
 - E. Maos geguritan kanthi premati, mangertosi tegesipun tembung, kala-akala anggonipun maos lan dipundamel geguritan ingkang sami.

Kalabendu

(dening Yono HS)

Tak sengguh kala bathara wis lebur
Kisa karo bathara Wisnu duk ing nguni
Nanging tibake kok ora
Abad nuklir lan globalisasi kok ya kaya-kaya
Anake kalabendu
Jalaran sajake dhengah uwong durung siap mecak
Yen wis siaga ngunu ya kaya gantine kalabendu
Apa jangkane kalathida thukul meneh
Mandi tenan sabdane R. Ng. Ranggawarsita
Kapan-kapan wae kalabendu bisa thukul maneh
Anggere titah nora
Lan mung nuruti hawa
(Semarang, Pustaka Candra, edisi 193)

2. “Mandi tenan sabdane R. Ng. Ranggawarsita” Tegesipun **mandi** inggih menika...
- A. Kasembadan
 - B. Pitados
 - C. Ampuh**
 - D. Suci
 - E. Nyata
3. “*Tak sengguh kala bathara wis lebur*”. Tegesipun **lebur** inggih menika...
- A. Ilang**
 - B. Dadi siji
 - C. Dadi apik
 - D. thukul
 - E. ditemokake
4. Tegesipun “*Kalabendu*” inggih menika...
- A. Zaman mulya
 - B. Zaman seneng
 - C. zaman modern
 - D. zaman kuno
 - E. zaman sengsara**

Kerukunan

(Sunardi KS)

Kaya unine siter
Sanajan saka senar kang beda
Nuwuhke endahe swara
Yen kabeh yaga kudu nyuwara
Tanpa genti genten menehi kalodhangan liyan
Ora bakal nuwuhake lagu
Kang kepenak dirungu
 Kaya kartika ing angkasa
 Nduweni papan kang merdika
 Kaya rembulan lan bagaswara
 Ngayahi jejibahan kang ora mesthi padha
Kaya driji-driji tangan
yen salah sawijining sulaya
ora bakal duwe kekuatan
kerukunan iku kaya hawa
mlebu-mlebu bolongane grana
senajan ora ngawistara
nggawa irama

5. “Kaya kartika ing angkasa”. Tembung kartika nggadahi teges...
- A. **Lintang**
 - B. Bawana
 - C. Srengenge
 - D. Bagaskara
 - E. Rembulan
6. Piwulang saking geguritan ing ngandhap inggih menika...
- A. **Kedah saged njagi karukunan**
 - B. Gentosan dolanan gamelan
 - C. Nuladha kartika ing angkasa
 - D. Ngayahi jejibahan kados bagaskara
 - E. Kerukunan mboten ngawistara
7. Nilai social saking geguritan menika saged...
- A. Nulada tiyang ingkang dolanan gamelan
 - B. Nuladha karukunan ing bebrayan
 - C. **Njagi karukunan ing bebrayan**
 - D. Dados patuladan ing bebrayan
 - E. Nuwuhaken karaharjan ing bebrayan

Arga iki

Dening Siswidiadi Ngesti N

Matau – taun sira ngrusak geger lan awakku
Makaping – kaping
Landhepe bendho lan pacul
Nyigar lemah subur dadi larik –larik tandur
Pokalmu mblandhong sapenak dhengkul
Lemah ijo wis malih gundul
Tirta musna ing mangsa ketiga
Ninggal belik nalika paceklik
Jare wadhuk dadi alesan
Ora bakal ana rampunge
Nadyan donya pisan
Den untal sekabihane
Yoh
Entenana

8. Tema geguritan “ arga iki “ inggih menika...
- A. Ngrusak
 - B. Alam**
 - C. konangan
 - D. sembrana
 - E. sakkarepe dhewe
9. Pangrasanipun geguritan “Arga Iki “ inggih menika...
- A. Seneng
 - B. Sombong
 - C. Sembrana
 - D. Mangkel
 - E. Waspada
10. Nada geguritan ing ngandhap inggih menika..
- A. Ngamuk marang wong kang ngrusak gunung**
 - B. Dendam jalaran gunung wis rusak
 - C. Wong bodho kang ngrusak gunung
 - D. Wong bodho kuwi lumrahe minder karo wong pinter
 - E. Gething marang wong kang ngrusak gunung
11. Wacanen geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 3-10!
- Simbok
- Simbok, sasuwene uripku
Katresnanmu dakrasakake
Tanpa pamrih marang kabeh putramu
Wiwit cilikanku tekan seprene
Welas asihmu tanpa asat
- Saben lakumu tinulis katresnan suci
Tanpa pepindhan
Asah, asih, lan asuh
Kanthi bening ing ati
Riwe lan waspa tumetes tanpa dirasa
Mung siji pangajabmu
Putramu dadi manungsa pinunjul

Saka geguritan ing dhuwur, kang nuduhake diksi konotasi yaiku....

- a. Tanpa pamrih marang kabeh putramu
 - b. Wiwit cilikanku tekan seprene
 - c. Welas asihmu tanpa asat
 - d. Mung siji pangajabmu
 - e. Putramu dadi manungsa pinunjul
- (C)

12. Saka geguritan ing dhuwur, kang nuduhake denotasi yaiku....

- a. Welas asihmu tanpa asat
 - b. Saben lakumu tinulis katresnan suci
 - c. Kanthi beninging ati
 - d. Asah, asih, lan asuh
 - e. Riwe lan waspa tumetes tanpa dirasa
- (D)

13. Swasana saka geguritan ing dhuwur yaiku....

- a. Trenyuh
 - b. Sedih
 - c. Seneng
 - d. Kuciwa
 - e. Gela
- (A)

14. Tema saka geguritan ing dhuwur yaiku....

- a. Katresnan anak marang Ibune
 - b. Katresnan marang kanca
 - c. Katresnan ibu marang putrane
 - d. Kekancan kang raket
 - e. Pahlawan
- (C)

15. Nada saka geguritan ing dhuwur yaiku....

- a. Nyemoni
 - b. Menehi pitutur
 - c. Ngenyek
 - d. Crita
 - e. Maido
- (B)

16. “Welas asihmu tanpa asat” tegese....

- a. Rasa tresnamu tanpa wates
 - b. Rasa tresnamu selawase
 - c. Rasa tresnamu tanpa pamrih
 - d. Rasa tresnamu ajeg
 - e. Rasa tresnamu ora malih
- (A)

17. “Sumilir angin ngawe-awe ngajak turu”. Ukara iku kalebu....

- a. Majas personifikasi
 - b. Diksi denotasi
 - c. Majas Hiperbola
 - d. Rima vertikal
 - e. Rima horizontal
- (A)

Isih Sri

Isih Sri sing gawe jumedhul
Tratap ati
Kaya ing tengah gurun
Aku nyoba angon lamun
Apa mangkene nakale wong lanang?
Nalika ati pas gothang
Karepe bakal blandhang
Isih Sri sing menehi tetes esem
Nalika imajinasi mandheg kusem

18. Geguritan ing dhuwur ngrembuk bab...

- A. Kahanan
- B. Lingkungan
- C. Moral
- D. Bebrayan
- E. Katresnan

19. Nalika ati pas **gothang**, tembung kang ditulis kandel tegese...

- A. Putung
- B. Susah
- C. Sedih
- D. Kothong
- E. Seneng

20. Nalika imajinasi mandheg kusem, tegese...

- A. Nalika aku lagi bingung
- B. Nalika awak lagi sedhih
- C. Nalika ora ana liane maneh
- D. Nalika aku lagi dhewekan
- E. Nalika ora nduwe katresnan